Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETAP FONDAMANTAL NAN KONSTWIKSYON PWOJÈ KAWOUSÈL ISTORIK NAN CANALSIDE

Nouvo bilding Kawousèl la ap pote yon vizyon jeneral pou yon bòdmè redevlope

Ou kapab wè prezantasyon grafik Batiman Kawousèl yo la a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te kòmanse ak konstwiksyon an bwa nan pwojè Kawousèl Eritaj Buffalo (Buffalo Heritage Carousel) a nan Canalside. Pwojè a gen ladan l yon nouvo bilding toupre kafou ri Prime ak Perry pou rive De Angelis Carousel ki la depi prèske santan. Yo prevwa ouvri kawousèl la nan sezon ete 2021.

"Kawousèl De Angelis la se yon senbòl istwa fyè Buffalo ak fiti pwometè li, epi nou onore pou nou ede prezève bijou lokal sa a pou jenerasyon ki gen pou vini yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke nou ap kontinye retounen ouvri ekonomi nou an epi moun New York yo ap chèche soti plis ke jamè, li krisyal pou nou rete angaje nan efò n'ap fè pou revitalize rivaj vil la ke yo te bliye a, ki te transfòme an yon pati dinamik ke yo dwe vizite nan Buffalo."

"Nou vin yon pa pi pre pou rive konstwi yon lokal eksepsyonèl pou Kawousèl De Angelis la nan Canalside", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Sa ap kontinye ak transfòmasyon rivaj Buffalo a ki te atire elòj vizitè ak piblikasyon toupatou nan mond lan, epi Kawousèl Eritaj Buffalo (Buffalo Heritage Carousel) a pral vin yon atraksyon popilè. Eta New York ap rekonstwi pi byen epi pi entelijan pou yon fiti apre pandemi a, epi mwen espere akeyi tout moun ki ap retounen yo lè li fin konplete epi ki disponib pou abitan ak vizitè yo pwofite de yo."

Platfòm lou an bwa a nan batiman kawousèl la pral yon melanj platfòm bwa tradisyonèl ak asye modèn ki konekte ak bwa yo. Douglas Fir te fabrike platfòm 27,250 pye an bwa a. Yo pral ekspoze sipò an bwa perimèt yo deyò batiman an, epi tou ekspoze anba twati a alafwa deyò ak anndan batiman an. Platfòm twati a, ki te fèt ak planch ak sipò de pa kat ki fabrike pa Douglas Fir, pral ekspoze alafwa deyò ak anndan batiman an.

Prezidan ECHDC a, Robert Gioia te deklare, "Li enteresan pou nou wè batiman kawousèl inik la ki kòmanse reyalize, sa ki ap ajoute sou vizyon global Gouvènè Cuomo genyen pou rivaj dinamik Buffalo a. Timoun ki ap vizite Canalside la pral pran plezi gade ekip konstwiksyon yo ki ap travay pou transfòme yon pakèt bwa ak asye an pwochèn

atraksyon rivaj la. Yo te elabore pwojè Kawousèl la yon fason pou konplemante mize Explore & More Children's Museum ak pwojè Longshed lan, ki pral fin konplete pandan sezon otòn sa a".

Kawousèl an menajri klasik ki gen estil pak la ke yo pral enstale anndan batiman kawousèl la te konstwi an 1924 pa Spillman Engineering nan North Tonawanda pou Dominick De Angelis. Kawousèl la t ap fonksyone jis rive ane 1950 yo kote fanmi De Angelis te konsève l jiskaske Buffalo Heritage Carousel te vin pran li an 2016 ak sipò jenere Margaret L. Wendt Foundation nan objektif pou bay yon espas detant pou fanmi ak zanmi sou bòdmè Buffalo a ak pou selebre eritaj endistriyèl Lwès New York la.

Atis Kawousèl Eritaj Buffalo yo kontinye travay sou restorasyon metikile tout pyès kawousèl yo pandan y'ap leve fon pou bati, opere, epi jere kawousèl la. Parenaj kawousèl yo disponib epi yo pou Wurlitzer Band Organ ak Adopt-A Horse/Animals.

Eta a te bay 1.2 milyon dola nan sibvansyon ekivalan, ki finanse pa Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la, pou lanse pwojè 5.8 milyon dola a; ki gen ladan 4 milyon dola pou batiman kay won an, 1 milyon dola pou kawousèl la ak 800,000 dola pou operasyon yo. KeyBank ak First Niagara Foundation te bay menm valè ak sibvansyon 1.2 milyon dola Eta a.

Anplis de sa, Manm Asanble a Sean Ryan te jwenn yon sibvansyon 600,000 dola pou restorasyon Kawousèl, Senatè Chris Jacobs te jwenn yon sibvansyon 500,000 dola pou bilding nan ak Buffalo and Erie County Greenway Commission te bay 200,000 dola pou gwo depans yo. Fondasyon Russell J. Salvatore, Wegmans ak West Herr, yo menm tou te bay pou pwojè Kawousèl la. Fondasyon Margaret L. Wendt te bay yon sibvansyon pou ede achte kawousèl la.

Prezidan NYPA a, rezidan Buffalo, John R. Koelmel te deklare, "Yon fwa li fin konplete, kawousèl sa a yo restore a pral yon atraksyon eksepsyonèl nan rejyon an. NYPA fyè pou li se yon lidè djanm nan redevlopman rivaj la nan Buffalo atravè finansman konsiderab nou bay ak lòt sipò".

Prezidan Buffalo Heritage Carousel, Inc. lan, Laurie Hauer-LaDuca te deklare, "Sa se yon moman ki eksitan anpil nan planifikasyon pwojè nou an pandan kay won kawousèl la kòmanse devlope soti nan fondasyon li, ki ap fè kawousèl yo restore byen bèl la vin pi pre pou vin reyalite lakay nou epi favorize eksitasyon nan kominote a pandan ke nou ap tann ak enpasyans opòtinite pou nou ka al pwofite de atraksyon familyal klasik sa a nan Canalside".

Majistra Vil Buffalo a, Byron Brown te deklare, "Kawousèl De Angelis istorik la pral yon lòt atraksyon ki apwopriye pou fanmi yo pandan tout ane a pou rivaj Buffalo a, sa ki ap ajoute sou popilarite mize Explore & More Children's Museum ak anpil lòt aktivite pou vizitè tout nivo laj yo. Administrasyon mwen an ak Konsèy Kolektif Buffalo (Buffalo Common Council) a te kontan transfere pasèl sa a nan entèseksyon lari Perry ak Prime bay Erie Canal Harbor Development Corporation pou 1 dola, pou pèmèt akomode

pwojè 5.3 milyon dola sa a ki pral ajoute sou repitasyon rivaj Buffalo ki ap devlope antan ke yon destinasyon klas mondyal".

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Rivaj Buffalo a te eksperimante yon transfòmasyon remakab, epi pwojè sa a pral kontinye prezève pwogrè ki te fèt yo ki enplike Kawousèl De Angelis istorik la. Envestisman sa a nan kominote nou an pral reflete nan kominote nou an pou ane ki gen pou vini yo, sa ki ap bay fanmi ak vizitè yo aksè a yon bijou istorik reyèl".

Chèf Majorite a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Kawousèl De Angelis la se yon pati enpòtan nan transfòmasyon Rivaj Buffalo an yon atraksyon klas mondyal. Gras a finansman ke kòlèg mwen yo nan Albany te rive garanti ak sipò finansye adisyonèl ki soti nan NYPA, atraksyon istorik sa a pral yon lòt fwa ankò vin yon pati santral pou plizyè milyon vizitè ka pwofite fe li".

Manm asanble a Sean Ryan te deklare, "Kawousèl Eritaj Buffalo a pral yon atraksyon pandan tout ane a epi li pral ajoute sou pwogrè anpil lòt eleman nan Canalside, sa ki ap ede atire plis vizitè nan rivaj mayifik nou an epi ki ap devlope. Pwojè sa a te toujou yon travay lanmou. Mwen te vizite volontè yo ki ap travay san kanpe pou restore kawousèl la nan ansyen glwa li, epi mwen te wè pèsonèlman atizana enkwayab yo. Jodi a nou ap selebre yon pa annavan enpòtan, epi mwen enpasyan akeyi byento Kawousèl De Angelis ki konplètman fin restore a nan nouvo lokal li nan Vil Buffalo".

Eta a te angaje plis pase 90 milyon dola pou transfòme Pò Entèn (Inner Harbor) Buffalo a pou vin tounen sa yo konnen kòm Canalside la, ki se yon destinasyon amizman ibèn miltifonksyon ki te resevwa atansyon nasyonal ak entènasyonal antan ke youn nan faktè kle nan renesans remakab Rejyon Lwès New York la. Ouvri pou piblik lan depi an me 2008, Canalside gen ladan divès fasèt ki totalman reyamenaje yo nan Kanal Erie orijinal la, ki gen ladan Fich Komèsyal, Boardwalk ak Kanal Replik Istorik yo.

Yon atraksyon pandan tout ane a ki abityèlman ap resevwa prèske 1.5 milyon vizitè chak ane, Canalside ap travay pandan pandemi an pou kontinye bay yon pakèt seri aktivite, aktivite familyal, atraksyon, pwogramasyon istorik ak kiltirèl yo, èv atistik, ak manje ki ekspoze divès resous ki genyen nan Rejyon Lwès New York yo. An plis, Kanal Replik Istorik yo fè glas nan mwa sezon ivènal la yo pou vin pi gwo espas ekstèn pou moun fè paten sou glas yo nan Eta New York.

Enfòmasyon sou Buffalo Heritage Carousel, Inc.
Buffalo Heritage Carousel, Inc. te fòme kòm yon òganizasyon ki pap travay pou lajan 501c3 pou achte, restore yon menajri antik, kawousèl nan stil pak ki te fabrike an 1924 pa Spillman Engineering nan North Tonawanda ak pou plase kawousèl la nan yon bilding nan bòdmè renove nou an nan Canalside. Kawousèl la pral sèvi ak enèji solè. Misyon Buffalo Heritage Carousel, Inc. la se pou founi amizman, edikasyon ak pou selebre istwa fabrikasyon kawousèl la nan Rejyon Lwès New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU